



ENSTWIKSYON PWOVIZWA POU PWODIKSYON MEDYA PANDAN IJANS SANTE PIBLIK COVID-19 LA

Lè w fin li dokiman sa a, ou kapab afime anba li.

Apati 23 jen 2020

Objektif

Yo te kreye Enstwiksyon Pwozivwa sa pou Pwodiksyon Medya pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19 yo ("Enstwiksyon Pwozivwa pou Pwodiksyon Medya pou COVID-19" (Interim COVID-19 Guidance for Media Production)) pou ka bay pwopriyete ak administratè fim, televizyon, mizik ak lòt biznis pwodiksyon medya yo ak anplwaye yo, antrepriz yo, ak founisè yo prekosyon ke yo ka pran pou ede pwoteje tèt yo kont pwopagasyon COVID-19 la.

Nan objektif direktiv sa a, "aktivite pwodiksyon medya" anglobe tout aktivite ki nan antrepriz sinematografi, mizik, televizyon, ak pwodiksyon difizyon sou plato, sou plas, oswa nan nenpòt ki pwodiksyon oswa sit anrejistreman.

Aktivite pwodiksyon medya yo enplike yon varyete operasyon epi pwopriyete/administratè biznis pwodiksyon medya yo ta dwe refere yo ak direktiv Depatman Sante (DOH) ki enpòtan epi ki espesifik pou endistri a kote sa aplikab. Espesyalman, nenpòt aktivite k'ap fèt nan biwo yo dwe opere dapre "[Konsèy Pwovizwa pou Travay ki Baze nan Biwo Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Office-Based Work during the COVID-19 Public Health Emergency); nenpòt aktivite ki gen rapò ak konstriksyon dwe opere dapre "[Konsèy Pwovizwa pou Aktivite Konstriksyon Pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Construction Activities during the COVID-19 Public Health Emergency); nenpòt aktivite ki gen rapò ak cheve ak makiyaj dwe opere dapre "[Konsèy Pwovizwa pou Salon Bote \(salon kwafi\) ak Kwafè \(estidyo kwafè\) yo pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Hair Salons and Barbershops during the COVID-19 Public Health Emergency); ak "[Konsèy Pwovizwa pou Sèvis Swen Pèsonèl pandan Eta Ijans Sante Piblik pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Personal Care Services during the COVID-19 Public Health Emergency); respektivman; nenpòt aktivite ki gen rapò ak sèvis manje yo dwe opere dapre "[Konsèy Pwovizwa pou Sèvis Manje pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Food Services during the COVID-19 Public Health Emergency); ak nenpòt ki aktivite ki gen rapò ak byen imobilye pou lokasyon oswa eksplorasyon pwopriyete dwe opere dapre "[Konsèy pwovizwa pou Sèvis Imobilye pandan Ijans Sante Piblik COVID-19](#)" (Interim Guidance for Real Estate Services during the COVID-19 Public Health Emergency).

Konsèy sa yo se jis egzijans minimòm e pwopriyete/administratè nenpòt biznis pwodiksyon medya lib pou bay prekosyon anplis oswa ajoute restriksyon. Rekòmandasyon sa yo baze sou pi bon pratik sante piblik nou konnen yo nan moman piblikasyon an, epi dokimantasyon ki sèvi kòm baz pou rekòmandasyon sa yo kapab chanje epi yo chanje souvan. Pati Responsab yo – jan sa defini anba a – responsab pou respekte tout egzijans lokal, etatik ak federal yo ki gen rapò ak pwodiksyon medya. Pati Responsab yo responsab tou pou rete okouran de tout mizajou ki fèt nan egzijans sa yo, epi mete yo nan nenpòt aktivite pwodiksyon medya ak/oswa Plan Sekirite Sit.

Enfòmasyon Jeneral

Nan dat 7 mas 2020, Gouvènè Andrew M. Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202, ki deklare yon eta ijans an repons a COVID-19. Transmisyon kominotè COVID-19 deja rive toupatou nan New York. Pou kapab minimize plis pwopagasyon, nou dwe kenbe yon distans sosyal pou pi piti 6 pye ant moun yo, kote sa posib.

Nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.6, ki òdone pou tout biznis ki pa esansyèl yo fèmen fonksyon pèsònèl nan biwo yo. Biznis esansyèl yo, jan enstriksyon Kòperasyon Devlopman Empire State (Empire State Development Corporation, ESD) defini li a, pat anba restriksyon an pèsòn lan, men yo te, sepandan, òdone yo konfòme yo ak enstriksyon ak direktiv pou kenbe yon anviwònman travay pwòp ak sekirize ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) te pibliye a, epi yo te ankouranje yo anpil pou kenbe mezi distans sosyal yo nan mezi sa posib.

Nan dat 12 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.16, ki òdone biznis esansyèl yo bay anplwaye, ki prezan nan espas travay yo, yon kouvèti vizaj, san peye, ki dwe itilize lè yo an kontak dirèk ak kliyan oswa manb ki nan piblik la pandan y'ap travay. Nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.17, ki òdone ke nenpòt moun ki gen pase dezan e ki kapab tolere yon kouvèti vizaj dwe kouvri nen ak bouch yo ak yon mask oswa yon twal lè yo nan yon espas piblik epi yo pa ka kenbe, oswa lè yo p'ap kenbe, distans sosyal yo. Nan dat 16 avril 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.18, ki òdone ke tout moun k'ap itilize transpò piblik oswa prive oswa lòt veyikil lokasyon, ki gen plis pase dezan e ki ka tolere yon kouvèti vizaj, dwe mete mask oswa kouvèti vizaj ki kouvri depase nen an ak bouch la pandan vwayaj sa a.. Li òdone tou nenpòt operatè oswa chofè transpò piblik oswa prive pou mete yon kouvèti vizaj oubyen mask ki kouvri nen an ak bouch la pandan gen anpil pasajè nan veyikil sa a. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te pibliye Dekrè Egzekitif 202.34, ki otorize dirijan/pwopriyètè biznis ki gen otorite yo pou refize aksè pou moun ki pa respekte egzijans kouvèti vizaj oswa mask la.

Nan dat 26 avril 2020, Gouvènè Cuomo te anonse yon apwòch an plizyè faz pou ka retounen ouvri endistri ak biznis yo nan New York pa faz ki baze sou yon analiz rejyonal an fonksyon done yo. Nan dat 4 me 2020, Gouvènè a te pèmèt pou analiz rejyonal la konsidere plizyè faktè sante piblik, ki enkli nouvo ka enfeksyon COVID-19 yo, ansanm ak sistèm swen sante a, tès dyagnostik yo, ak kapasite pou trase kontak yo. Nan dat 11 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke premye faz nan reyouvèti a ta pral kòmanse nan dat 15 me 2020 nan divès rejyon New York, ki baze sou mezi ak endikatè rejyonal ki disponib yo. Nan dat 29 me 2020, Gouvènè Cuomo te anonse dezyèm faz re-ouvèti a ta pral kòmanse nan plizyè rejyon nan eta a, epi li te anonse itilizasyon yon nouvo tablobdò alèt rapid k ap gwoupe bann done eta a pou Nouyòkè yo, fonksyonè gouvènman yo, ak espesyalis yo pou kontwòle ak egzaminen kijan yo limite viris la pou garanti yon re-ouvèti san danje. Nan dat 11 jen 2020, Gouvènè Cuomo te anonse ke twazyèm faz nan re-ouvèti a ta pral kòmanse nan dat 12 jen 2020 an nan divès rejyon nan New York.

Anplis nòm ki annapre yo, tout aktivite pwodiksyon medya yo dwe respekte rekòmandasyon ak direktiv aplikab pou kenbe anviwònman travay pwòp ak san danje DOH pibliye yo.

Tanpri pran nòt lè rekòmandasyon yo ki nan dokiman sa a diferan de lòt dokiman rekòmandasyon Eta New York pibliye, se rekòmandasyon ki pi nouvo yo k ap aplike.

Nòm pou Aktivite Pwodiksyon Medya Responsab nan Eta New York

Pa gen okenn Aktivite pwodiksyon medya ki ka fèt san yo pa ranpli nòm minimòm Eta yo, ansanm ak kondisyon federal ki aplikab yo, ki enkli men ki pa sèlman nòm minimòm ki nan Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo (Americans with Disabilities Act, ADA), Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Ajans Pwoteksyon Anviwònman la (Environmental Protection Agency, EPA), ak Administrasyon Sekirite ak Sante Pwofesyonèl (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan Depatman Travay Ameriken an (United States Department of Labor).

Nòm Eta a ki gen nan konsèy sa a aplike pou tout aktivite pwodiksyon medya pandan ijans sante piblik COVID-19 la jiskaske yo anile oswa modifiye pa Eta a. Pwopriyete a oswa jesyon biznis pwodiksyon medya a (nan nenpòt ka, "Pati Responsab yo"), ap responsab respè nòm sa yo. Nan objektif direktiv sa a, referans a "anplwaye, aktè, ak ekip" gen ladan tout moun ki patisipe nan aktivite pwodiksyon medya, ki gen ladan, men pa limite a: pèfòmè, travayè, atizan, mizisyen, ekriven, direktè, efè vizyèl, stilist cheve, kreyatè kostim, ak atis makijaj.

Rekòmandasyon ki annapre yo òganize toutotou twa kategori diferan: moun, kote, ak pwosede.

I. MOUN YO

A. Distans Fizik

- Pati Responsab yo dwe asire yo, pou enstalasyon oswa lye pwodiksyon medya andedan yo, prezans anplwaye yo, aktè yo, ak manm ekip la limite epi li pa dwe plis pase 50% nan kapasite maksimòm pou yon zòn an patikilye jan sètifika kapasite a etabli; ak
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo kenbe yon distans omwen sis pye ant tout anplwaye, aktè, ak manm ekip yo nan tout espas yo (egzanp, zòn manje, zòn komen, zòn datant, trelè, vilaj videyo, zòn ekipman) nan tout etablisman oswa lokal pwodiksyon medya a; depi ke kèk fonksyon pandan pwodiksyon medya yo ka egzije avanse nan sis pye distans ant lòt moun (tankou, pandri, cheve, makijaj, son, tounaj videyo, pèfòmans), Pati Responsab yo dwe idantifye fonksyon sa yo epi aplike yon pwotokòl pou diminye risk pou moun ki afekte yo.
 - Anplis, sekirite oswa aktivite debaz la (egzanp deplase ekipman, dechaje materyèl) ka egzije pou moun ki pran yon distans ki pi kout, nan ka sa a, moun yo dwe mete yon kouvèti vizaj akseptab.
- Pati ki responsab yo dwe asire ke tout anplwaye, aktè, ak ekip yo mete kouvèti vizaj akseptab tout tan nan etablisman oswa lye pwodiksyon medya a, depi moun nan gen plis pase de zan epi li medikalman kapab tolere yon kouvèti vizaj konsa.
 - Pèfòmè yo ka retire kouvèti vizaj la tanporèman pandan pèfòmans oswa repetisyon yo, oswa lè li entèfere ak yon aktivite debaz tankou cheve, makijaj, oswa pandri. Pèfòmè yo dwe mete kouvèti vizaj le pli vit ke posib apre aktivite ki anwo yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye, aktè, ak ekip ki pi prè ak pèfòmè yo ki pa kouvri vizaj yo (tankou, stilist cheve, atis makijaj, kreyatè kostim, teknisyen son, mèt estidyo, koòdonatè kaskad, teknisyen efè espesyal) dwe mete alafwa yon kouvètivizaj ki akseptab ak pwoteksyon pou zye, tankou yon plak pwotèj pou figi oswa linèt pwoteksyon, pou dire aktivite ki egzije pwoksimite a. Tout anplwaye, jaktè, ak ekip yo ta dwe mete gan tou oswa pratike ijyèn men anvan ak apre aktivite sa yo.
 - Pami kachnen ki akseptab pou COVID-19 gen kachnen an twal pou kouvri figi ak mask dispozab ki kouvri ni bouch la ni nen an.
 - Sepandan, kachnen an twal, dispozab, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou ekipman pwoteksyon pèsonèl (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pou aktivite sa yo, respiratè N95 oswa lòt PPE ke yo itilize anba nòm endistri ki egziste yo ta dwe kontinye itilize, menm jan sa defini selon. [konsiy OSHA yo](#).
- Pati ki responsab yo dwe limite kantite anplwaye yo, aktè, ak ekip yo a sèlman moun esansyèl pou aktivite pwodiksyon medya andedan ak anplennè, epi asire ke tout règleman distans sosyal yo

ranfòse kòm sadwa. Nenpòt pèsonèl ak vizitè ki pa esansyèl (tankou, zanmi, fanmi, envite, vizitè), yo dwe entèdi yo antre nan etablisman oswa nan lokal pwodiksyon medya yo.

- Minè yo ta dwe limite a sèlman de (2) granmoun ki akonpaye yo (egzanp, yon gadyen oswa yon moun responsab yo deziyen dapre 12 NYCRR 186-3.6(a) ak yon edikatè). Yo ta dwe anpeche timoun yo pou yo pa touche oswa manyen nenpòt ki atik oswa ekipman pwodiksyon medya, sof si sa nesesè pou pèfòmans oswa repetisyon an. Pati Responsab yo ta dwe konsidere deplase minè yo nan yon kote ki san danje, lè sa posib, pou limite ekspozisyon yo ak lòt anplwaye, aktè, ak manm ekip yo.
- Pati Responsab yo dwe asire gen ase sekirite pou limite aksè nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya a sèlman moun esansyèl yo, ak aplike yon plan sekirite pou dispèse nenpòt moun ki rasanble deyò a.
- Pati Responsab yo dwe pran egzijans distans sosyal la an konsiderasyon lè yo fin eksplore oswa chwazi lokal pwodiksyon medya yo. Pati Responsab yo dwe:
 - asire ke yo ka sekirize lokasyon yo konplètman kont piblik la an jeneral;
 - asire ke lokasyon yo pèmèt ase espas pou respekte egzijans distans sosyal pou tout zòn travay ak depatman yo; ak
 - dwe kapab satisfè netwayaj ak dezenfeksyon ak estanda ijyèn ki apwopriye yo.
- Pati Responsab yo ka modifiye itilite ak/oswa diminye nonb espas travay yo ak syèj yo, pou ke anplwaye yo, aktè yo, manm ekip yo ka pran sis pye distans pou pi piti nan tout direksyon (egz: kòt a kòt ak lè youn anfas lòt) epi pou yo pa pataje estasyon oswa espas travay san yo pa netwaye oubyen dezenfekte sa ki fin itilize. Lè distans yo pa posib ant espas travay yo, Pati Responsab yo kapab adopte baryè fizik (egzanp, mi pwoteksyon an plastik nan zòn kote yo pa ta ka afekte fliks lè, chofaj, refwadisman oswa vantilasyon, oswa ki otreman prezante yon risk sante oswa risk sekirite).
 - Si yo itilize, yo dwe mete baryè fizik yo konfòmman ak direktiv OSHA yo.
 - Chwa pou baryè fizik yo ka gen ladan rido an band, pleksiglas oswa materyèl ki menm jan, oubyen lòt separatè oswa klwazon enpèmeyab.
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje itilizasyon zòn travay yo dedye nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya a epi etabli yon sistèm ki anpeche depatman sipèpoze nan menm espas travay la. Konsidere yon sistèm kòd koulè oswa lòt endikatè vizib pou fasilite idantifikasyon nan zòn yo ak anplwaye, aktè, manm ekip ki apwopriye.
- Pati Responsab yo dwe entèdi itilizasyon espas fèmèn yo (paregzanp asansè yo, zòn mekanik yo, sal kontwòl yo, sal montaj yo), pa plis pase yon moun alafwa nan espas sa an menm tan, sòf si tout moun ki nan espas sa yo an menm tan kouvri figi yo kòm sadwa. Sepandan, pa dwe janm gen plis pase 50% kantite moun maksimòm lan nan espas la, sof si li fèt pou se yon sèl moun ki ladan. Pati Responsab yo ta dwe ogmante vantilasyon an ak lè eksteryè nan pi wo nivo posib (egzanp ouvri fenèt ak pòt), pandan y'ap kenbe pwotokòl sekirite yo. Pati Responsab yo ta dwe pran mezi adisyonèl pou anpeche kongregasyon nan zòn datant asansè yo ak limite dansite nan asansè yo, tankou pèmèt itilizasyon eskalye yo.
- Pati Responsab yo ta dwe pran mezi pou diminye sikilasyon a pye nan tou de direksyon pandan y'ap itilize tep oswa pano ak flèch nan lale ki jis, koulwa oswa espas, epi afiche pano ak makè distans ki

endike espas sis pye nan tout espas ki itilize souvan ak nenpòt espas ki gen liy ki fèt souvan oswa kote moun ka rasanble (egz: pòs depistaj zòn repa, remòk kostim).

- Pati Responsab yo ta dwe fè aktivite pwodiksyon medya adistans, nan pi gwo limit posib (eg, reyinyon, seleksyon pèfòmans, eksplorasyon, montaj).
 - Pati Responsab yo ta dwe asire ke tout aktivite eksplorasyon yo fèt nòmalman, kote sa posib. Si moun yo dwe vwayaje an pèsòn, Pati ki responsab yo ta dwe asire ke eksplorasyon an fèt an ti gwoup ki ka kenbe distans sosyal, epi tout moun yo dwe mete kouvèti vizaj ki apwopriye yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire ke seleksyon pèfòmans ak odisyon yo fèt adistans, nan limit ki posib. Si yo pa fèt adistans:
 - Pati Responsab yo dwe bay tan adekwa ant randevou yo pou netwayaj ak dezenfeksyon sifas pataje yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire ke pèfòmè k'ap rive nan lokal seleksyon pèfòmans lan rete tann nan machin pèsònèl yo oswa andeyò etablisman oswa lokal la jiskaske lè odisyon yo a rive.
 - Pati Responsab yo ta dwe elimine apèl ouvè pou favorize randevou yo pwograme yo.
 - Pati Responsab yo ta dwe asire yo kenbe distans fizik pandan odisyon yo, menm lè plizyè moun ap fè odisyon ansanm, nan limit ke sa posib.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo mete kouvèti vizaj ki akseptab yo, ki konsistan avèk dispozisyon ki anwo yo.
- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite moun ki vwayaje nan veyikil yo nan nenpòt ki moman pou pèmèt yon distans sosyal adekwa.
 - Pati Responsab yo ta dwe ankouraje moun pou kondwi pou kont yo epi sèvi ak transpò prive, nan limit ki posib.
 - Si plis pase yon moun monte nan yon machin, Pati Responsab yo dwe asire ke tout pasaje yo mete kouvèti vizaj, epi ankouraje okipan yo louvri fenèt yo epi ogmante vantilasyon an, nan pi gwo limit posib.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere pran mezi pou redui kontak sere oswa pwòch ant pèfòmè yo, tankou modifikasyon nòt ekri oswa itilize efè dijital kote sa posib.
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite sèn yo avèk kontak sere oswa pwòch pwolonje ant moun yo (eg, konba, danse) oswa sèn ki egzije gwo foul moun.
- Yo ankouraje Pati Responsab yo pou asiye anplwaye antretyen an pè fiks oswa ti gwoup, pou limite kantite kontak sere oswa pwòch, kote sa posib.
- Pati Responsab yo dwe afiche pano toupatou atravè etablisman oswa lokal la, ki an akò ak siyalizasyon DOH pou COVID-19 la. Pati Responsab yo ka devlope pwòp siyalizasyon pèsonalize yo ki espesifik nan espas travay yo oswa anviwònman, depi ke siyal sa yo ki konsistan avèk signalisation Depatman an. Endikasyon yo dwe sèvi pou fè anplwaye yo, aktè ak manm ekip yo sonje pou yo:
 - Rete lakay ou si yo malad.

- Kouvri nen yo a bouch yo avèk yon kachnen.
- Konsève kòm sadwa epi, lè sa nesese, jete PPE yo.
- Respekte enstriksyon sou distans fizik yo.
- Rapòte sentòm oswa kontak avèk COVID-19, ak kijan yo dwe fè l.
- Suiv rekòmandasyon yo pou ijyèn men ak netwayaj ak itilizasyon dezenfektan.
- Suiv ijyèn respirasyon apwopriye ak etikèt pou tous.

B. Rasanbleman nan espas fèmèn

- Antite ki Responsab yo dwe limite rasanbleman anplwaye, aktè ak manm ekip an pèsòn yo (pa egzanp, reyinyon pwodiksyon, seleksyon pèfòmans, eksplorasyon, montaj) nan mezi ki pi wo posib epi yo dwe itilize lòt metòd tankou videyo konferans oswa telekonferans lè sa posib, an akò ak enstriksyon CDC a nan "[Enstriksyon Pwovizwa pou Biznis ak Anplwayè yo pou Panifye ak Reponn ak Maladi Kowonaviris 2019 \(COVID-19\)](#)" (Interim Guidance for Businesses and Employers to Plan and Respond to Coronavirus Disease 2019 (COVID-19)). Lè konferans pa videyo oswa telekonferans pa posib, Pati Responsab yo dwe fè reyinyon yo nan espas ouvè, byen ayere epi pran dispozisyon pou moun yo kenbe distans sosyal sis pye youn ak lòt (paregzanp, si gen chèz, kite espas nan mitan chèz yo, fè moun yo sote yon chèz).
- Pati Responsab yo ta dwe ankouraje distans sosyal nan limite okipasyon oswa fèmèn ekipman ki pa esansyèl ak zòn an komen yo ki pa pèmèt distans sosyal ki apwopriye yo. Si yo ouvè yo, Pati Responsab yo dwe mete sanitizè pou men oswa papye dezenfekte disponib toupre ekipman sa yo (egzanp, distribit otomatik, estasyon kafe kominal, fontèn dlo, snak ba).
- Pati Responsab yo dwe mete an plas ase pratik distans sosyal nan espas konfine, tankou twalèt ak sal repo, e ta dwe kreye siyalizasyon ak sistèm (egzanp, siyale lè w okipe) pou ratresi okipasyon an lè distans sosyal la pa ka kenbe nan espas sa yo; epi
- Pati Responsab yo ta dwe repati orè pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo obsève distans sosyal la (sa vle di, sis pye espas) pou nenpòt rasanbleman (egzanp, poz kafe, repa, ak kòmansman/fen orè travay.)

C. Aktivite nan Lye Travay la

- Pati Responsab yo ta dwe limite kantite siplemanntè yo sou plato a, nan limit ki posib.
- Pati Responsab yo dwe entèdi odyans an dirèk sof si yo se anplwaye, aktè, ak manm ekip ke yo peye sèlman. Anplwaye, aktè ak manm ekip yo ka fè yon odyans an dirèk pa ak plis pase 100 moun, oswa ak 25% kapasite dyans lan, kèlkeswa sa ki pi ba a. Odyans an dirèk yo dwe kenbe distans sosyal omwen sis pye nan tout direksyon.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere fè aktè yo, enkli nenpòt siplemanntè, rive nan etablisman an pwodiksyon medya oswa lokal la "kamera pare", (sa vle di yo dwe mache tou pare) nan limit ki posib (egzanp yo dwe fin peyen cheve yo, makijaj, ak pare rad yo andeyò sit la oswa atarvè enstriksyon adistans).

- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo bay anplwaye yo, aktè yo, ak manm ekip yo ase tan pandan tout jounen an pou netwaye ak dezenfekte zafè yo ak ekipman yo (tankou, kamera, akseswa), si gen plizyè moun ki itilize oswa manyen ekipman sa yo.
- Pati Responsab yo ta dwe fè efò pou digitalize tout dokiman an papyè yo nan limit ki posib (eg, kontra, pakèt eksplorasyon teknik, nòt ekri, fèy mizik, fèy siyen antre/soti, lis manm ekip, fèy apèl yo). Si digitalizasyon pa posib, yo ta dwe asiye materyèl enprime pou itilizasyon endividyèl epi pou yo pa pataje yo pami anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo.
- Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye, aktè, ak manm ekip yo resevwa fòmasyon sou pwotokòl sekirite, ijyèn, netwayaj, ak dezenfeksyon COVID-19 yo.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou redui kontak ant moun ak rasanbleman, gras a metòd tankou:
 - limite prezans an pèsòn a sèlman manm pèsònèl ki gen neseste pou yo sou plas pou aktivite pwodiksyon medya ki enpòtan yo;
 - ajiste orè lye travay la;
 - redui mendèv ki sou plas la pou satisfè rekòmandasyon sou distans sosyal yo;
 - konsepsyon evolutif (egz: ekip A/B, repati lè arive/depa).
 - Priorize travay ki pèmèt distans sosyal sou sa ki pa pèmèt yo; ak/oswa
 - evite plizyè gwoup ak/oswa ekip k'ap travay nan yon zòn nan repati travay pwograme ak sèvi avèk pano pou endike zòn okipe yo.

D. Sikilasyon ak Komès

- Pati Responsab yo ta dwe limite entèraksyon nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya (egzanp deziyen yon sòti pou travayè, aktè, ak manm ekip k'ap kite travay yo ak yon antre separe pou travayè, aktè, ak manm ekip k'ap kòmanse travay yo) ak mouvman yos (egzanp anplwaye, aktè, ak manm ekip yo ta dwe rete tou pre estasyon yo toutotan sa posib).
 - Kote sa posib, Pati Responsab yo ta dwe limite kantite antre nan enstalasyon oswa lokal pwodiksyon medya yo pou (1) jere flik anplwaye, aktè, ak manm ekip yo nan batiman ak pou kontwòl limit okipasyon/kapasite, ak (2) fasilite depistaj sante pandan y'ap rete an konfòmite ak règleman sou sekirite kont ensandi ak ak lòt règleman ki aplikab yo.
- Pati Responsab yo dwe evlope yon plan pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo kenbe distans sosyal sis pye pandan y'ap fè liy anndan oswa andeyò etablisman oswa lokal pwodiksyon messya pou tè depistaj, jan sa aplikab.
- Pati Responsab yo dwe etabli espas ki deziye pou ramasaj ak livrezon, pandan y'ap limite kontak yo tout tan sa posib.
- Pou livrezon, Pati Responsab yo ta dwe kreye yon sistèm livrezon san kontak kote chofè a ka rete nan kab machin nan pandan livrezon an ap fèt oswa, kote sa pa ka fèt, Pati Responsab yo dwe bay travayè livrezon yo PPE akseptab ki mache ak aktivite sa yo ki gen ladan l, o minimòm, yon kouvèti vizaj pou pèsònèl ki enplike nan livrezon an san yo pa peye pou sa pou dire pwosesis livrezon an.
- Pati Responsab yo dwe dezenfekte men yo avan e apre yo fin transfere yon chaj (egzanp, de yon chofè livrezon) machandiz (egzanp, dezenfekte men avan yo kòmanse chaje atik yo; e apre tout atik yo fin chaje, yo dezenfekte men yo ankò).

II. ESPAS YO

A. Ekipman Pwoteksyon

- Pati ki responsab yo dwe asire ke tout anplwaye, aktè, ak ekip yo mete kouvèti vizaj tout tan nan etablisman oswa lye pwodiksyon medya a, depi moun nan gen plis pase de zan epi li medikalman kapab tolere yon kouvèti vizaj konsa.
- Pèfòmè yo ka retire kouvèti vizaj la tanporèman pandan pèfòmans oswa repetisyon yo, oswa lè li entèfere ak yon aktivite debaz tankou cheve, makiyaj, oswa abiman. Pèfòmè yo dwe mete kouvèti vizaj le pli vit ke posib apre aktivite ki anwo yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke tout anplwaye, aktè, ak ekip ki pi prè ak pèfòmè yo ki pa kouvri vizaj yo (tankou, stilist cheve, atis makiyaj, kreyatè kostim, teknisyen son, mèt estidyo, koòdonatè kaskad, teknisyen efè espesyal) dwe mete alafwa yon kouvètivizaj ki akseptab ak pwoteksyon pou zye, tankou yon plak pwotèj pou figi oswa linèt pwoteksyon, pou dire aktivite ki egzije pwoksimite sere. Tout anplwaye, jaktè, ak ekip yo ta dwe mete gan tou oswa pratike ijyèn men anvan ak apre aktivite sa yo
- Anplis de nenpòt PPE nesèsè jan yo egzije l pou kèk aktivite nan espas travay, Pati Responsab yo dwe genyen, fè oswa jwenn kouvèti vizaj akseptab epi bay tout anplwaye aktè, manm ekip yo kouvèti sa yo san anplwaye aktè oswa manm ekip yo pa peye. Pati Responsab yo ta dwe gen yon kantite kouvèti vizaj, mask ak lòt ekipman pwoteksyon pèsònèl (PPE) adekwa sou men pou si yon anplwaye, aktè oswa manm ekip yo ta bezwen ranplase.
- Kouvèti vizaj dwe pwòp oswa ranplase apre l fin itilize e li pa ka pataje. Tanpri konsilte konsèy CDC a pou plis enfòmasyon sou kouvèti vizaj an twal ak lòt tip PPE, ansanm ak enstriksyon sou itilizasyon ak pwòpte.
 - Remake ke kachnen an twal, ki ka jete, oswa kachnen ki fèt lakay pa akseptab pou aktivite nan lye travay la ki abityèlman egzije yon degre pwoteksyon pi wo pou PPE (personal protective equipment, PPE) poutèt nati travay la. Pati Responsab yo dwe respekte konsèy OSHA yo pou ekipman sekirite konsa.
 - Pati Responsab yo dwe otorize anplwaye, aktè, ak manm ekip yo sèvi avèk pwòp kachnen akseptab pa yo men yo pa kapab egzije pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo vini avèk pwòp kachnen pa yo. Anplis de sa, rekòmandasyon sa yo p ap anpeche anplwaye, aktè, ak manm ekip yo mete pwòp bagay anplis pa yo pou pwoteje tèt yo (paregzanp, mask chirijikal, respiratè N95, oswa ekran pou figi), oswa si Pati Responsab yo egzije apa sa pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo mete plis PPE poutèt nati travay yo. Anplwaye yo ta dwe konfòme ak tout nòm aplikab OSHA yo.
- Pati Responsab yo dwe fòme anplwaye, aktè, ak manm ekip yo sou kijan pou byen mete, retire, netwaye (si sa nesèsè), ak jete PPE, ansanm ak men sa pa limite a tout, kouvèti vizaj apworiye.

B. Ijyèn, Netwayaj ak Dezenfeksyon

- Pati Responsab yo dwe asire respè egzijans ijyèn ak asenisman yo jan CDC ak DOH te mande sa, ki enkli "Konsiy pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19" (Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19), ak postè "SISPANN PWOPAGASYON AN" (STOP THE SPREAD), jan sa aplikab. Pati Responsab yo dwe kenbe jounal netwayaj ki gen dat, lè, ak espas k'ap netwaye a ak dezenfeksyon.

- Pati Responsab yo dwe bay ak kenbe pòs ijyèn men sou plas nan tout enstalasyon oswa lokal pwodiksyon medya yo, konsa:
 - Pou lave men: savon, dlo cho k'ap koule, ak papye twalèt ki ka jete.
 - Pou dezenfekte men: yon dezenfektan men a baz alkòl ki gen pou pi piti 60% alkòl pou espas kote lave men p'ap ka disponib oswa pratike.
 - Pati Responsab yo dwe mete dezenfektan pou men disponib nan tout zòn komen yo (egzanp nan antre yo, sòti yo, ekspozisyon yo, ak biwo sekirite/ resepsyon yo). Yo ta dwe enstale distribitè dezenfektan san kontak kote sa posib.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon toupre estasyon sanitayè men yo ki endike ke men ki vizibleman sal yo ta dwe lave avèk savon ak dlo; dezenfektan pou men pa efikas sou men ki vizibleman sal.
- Pati Responsab yo dwe mete veso toupatou nan etablisman oswa lokal la pou jete bagay sal, pami yo PPE.
- Pati Responsab yo dwe bay materyèl netwayaj ak dezenfeksyon apwopriye pou sifas moun pataje ak touche souvan epi ankouraje anplwaye, aktè ak manm ekip yo itilize materyèl sa yo, pandan y'ap swiv enstwiksyon manifaktirè yo, avan e apre yo fin itilize sifas sa yo, apre pou yo pratike ijyèn men.
- Pati Responsab yo dwe fè netwaye ak dezenfeksyon regilyèman nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya ak pi souvan netwayaj ak dezenfeksyon pou zòn ki risk elve ke anpil moun itilize ak pou sifas ki yo touche souvan yo (egzanp, estidyo, plato pwodiksyon, estasyon cheve ak makijaj yo, trelè, zòn poz yo, zòn manje yo, veyikil yo). Yo dwe netwaye ak dezenfekte yon fason rijid ak konstan epi sa dwe fèt omwen apre chak sa yo fin travay sou li, chak jou, oswa pi souvan si sa nesèsè. Tanpri konsilte "[Konsiy Pwovizwa pou Netwaye ak Dezenfekte Etablisman Piblik ak Prive yo pou COVID-19](#)" (Interim Guidance for Cleaning and Disinfection of Public and Private Facilities for COVID-19) DOH yo pou kapab jwenn enstriksyon ki detaye sou jan pou netwaye etablisman epi dezenfekte etablisman yo.
 - Pati Responsab yo dwe asire netwayaj ak dezenfeksyon twalèt yo regilye. Twalèt yo ta dwe netwaye ak dezenfekte pi souvan tou depan de nivo yo frekante l.
 - Pati Responsab yo dwe asire ke yo respekte règleman distans yo lè yo itilize siyalizasyon, makè okipe yo, oswa lòt metòd pou diminye kapasite twalèt yo lè sa posib.
 - Pati ki responsab yo dwe asire ke tout ekipman pwodiksyon medya ak zouti (tankou, etwi, kamera, okilè, lantiy, monitè ak ekran taktil, charyo) yo regilyèman netwaye ak dezenfekte lè yo sèvi avèk dezenfektan ki anrejistre yo. Sèvi avèk [lis pwodui](#) Depatman Pwoteksyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) ki anrejistre nan Eta New York yo epi EPA idantifye kòm efikas kont COVID-19 la.
 - Si netwayaj oswa dezenfeksyon pwodwi oswa lefèt ke netwayaj ak dezenfeksyon koze pwoblèm sekirite oswa degrade materyèl oswa machin, Pati Responsab yo dwe mete an plas estasyon ijyèn men ant itilize ak/oswa founi gan ki ka jete ak/oswa limitasyon sou nonb moun k'ap itilize objè sa yo.
- Pati Responsab yo dwe prevwa netwayaj ak dezenfeksyon espas ki ekspoze yo si gen yon ka pozitif COVID-19, yon netwayaj ak dezenfeksyon konsa dwe genyen, o minimòm, tout espas moun frekante ak sifas moun touche anpil (egzanp sifas pataje yo, veyikil, men kourant, manch pòt yo).
- Pati Responsab yo dwe asire ke yo netwaye ak dezenfekte tout akseswa yo, kostim, ak materyèl deko yo apre yo fin itilize yo epi estoke yo nan kontenè ki sele apre itilizasyon.

- Pati Responsab yo ta dwe asire ke yo kolekte ak lave kostime yo oswa otreman netwaye ak dezenfekte yo apre itilizasyon. Tout kostim pwòp yo ta dwe sele nan sache endividyèl. Konsidere bay manm aktè yo sache lesiv pou estoke kostime yo itilize yo apre netwayaj san danje.
- Enstriksyon CDC sou "[Netwayaj ak Dezenfeksyon Etablisman \(Cleaning and Disinfecting Your Facility\)](#)" (Cleaning and Disinfecting Your Facility) si yo sispèk oswa yo te konfime yon moun gen COVID-19 se jan sa ye anba a:
 - Fèmen zòn moun ki sispèk oswa konfime ki gen COVID-19 la itilize.
 - Pati Responsab yo pa nesèsèman bezwen fèmen operasyon an, si yo ka fèmen espas ki afekte yo.
 - Ouvri pòt ki bat sou deyò ak fenèt pou ogmante sikilasyon lè nan espas la.
 - Tann 24 èdtan avan ou netwaye oswa dezenfekte. Si 24 èdtan pa posib, tann tout tan w kapab.
 - Netwaye ak dezenfekte tout espas moun ou sispèk ki malad la te itilize, tankou biwo, twalèt, espas komen, ak ekipman li te pataje.
 - Depi espas la fin byen dezenfekte kòm sa dwa, li ka re-ouvè pou itilize.
 - Anplwaye, aktè, ak manm ekip ki pa te gen kontak ni sere ni rapwoche avèk moun yo sispèk oswa konfime li gen COVID-19 la kapab retounen nan zòn travay la kou li fin netwaye ak dezenfekte.
 - Gade "[Rekòmandasyon Pwovizwa pou Anplwaye Piblik ak Prive k ap Retounen nan Travay Apre Enfeksyon oswa Kontak ak COVID-19](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH yo pou enfòmasyon sou kontak "sere oswa rapwoche".
 - Si plis pase sèt jou pase depi moun ke yo sispèk oswa malad ak COVID-19 te vizite oswa itilize etablisman an, pa bezwen gen netwayaj ak dezenfeksyon anplis, men netwayaj ak dezenfeksyon ki te konn fèt yo dwe kontinye.
- Pati Responsab yo dwe pran mezi pou limite pataj objè, zafè yo, ak ekipman (egzanp, radyo, ekipman kamera ak charyo, kaskad, perik, kostim) ant moun ak depatman yo, ansanm ak sifas pataje yo, tankou ranp ak kloti; oswa, yo dwe egzije travayè, aktè, ak manm ekip yo mete gan (ki apwopriye pou komès oswa medikal) lè yo an kontak ak objè pataje oswa sifas moun touche souvan; oswa, yo dwe egzije travayè, aktè, ak manm ekip yo dezenfekte men yo avan e apre kontak.
- Pati Responsab yo ta dwe konsidere bay aparèy endividyèl pou kominikasyon (tankou, transmetè, radyo, mikro) pou limite itilizasyon aparèy pataje yo. Nenpòt ki ekipman sa yo ta dwe netwaye ak dezenfekte yon fason apwopriye anvan yo bay yo ak anvan yo te retounen yo.
- Pati Responsab yo dwe entèdi manje ak bwason pataje nan ant anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo (egzanp, sèvi tèt yo manje ak bwason) epi rezève espas adekwa pou anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo obsève distans sosyal pandan y'ap manje repa yo.
 - Pati Responsab yo ka bay sèvis manje atravè bifè, depi yo pa sèvi tèt yo pou kont yo e ke gen ase anplwaye pou asire ke pa gen okenn anplwaye, aktè, oswa manm ekip yo ki manyen objè komen yo (egzanp, kiyè k'ap sèvi yo, pensèt yo) epi yo genbe distans sosyal ki apwopriye.
 - Pati Responsab yo ta dwe konsidere bay manje ak bwason ki genyen nan pakè ki deja anbale pou limite pataje ant moun yo. Si yo bay manje ak bwason, Pati Responsab yo ta dwe tou bay istansil manje ki ka jete oswa vlope endividyèlman.

- Pati Responsab yo ta dwe retire tout enstalasyon kominal ki pa nesèsè nan etablisman, tankou journal oswa magazin, pou favorize distribisyon endividyèl sou demann.

C. Re-ouvèti pa Faz

- Yo ankouraje Pati Responsab yo pou yo fè aktivite re-ouvèti yo pa faz pou pwoblèm fonksyonman yo kapab rezoud anvan pwodiksyon an oswa aktivite travay yo retounen nan nivo nòmal. Pati Responsab yo ta dwe konsidere limite nonb anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo ak lè travay yo lè yo fèk reouvèti a pou ka bay operasyon yo kapasite pou ajiste chanjman an..

D. Plan Kominikasyon

- Pati Responsab yo dwe afime yo li ak konprann rekòmandasyon eta a pibliye pou endistri an, epi y'ap aplike yo.
- Pati Responsab yo ta dwe kreye yon plan kominikasyon pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo ki ladan l enstriksyon aplikab, fòmasyon, siyalizasyon, ak moyen pou bay anplwaye, aktè, ak manm ekip yo enfòmasyon. Pati Responsab yo gen dwa reflechi sou elabore paj wèb, gwoup tèks ak imèl, ak medya sosyal.
- Pati Responsab yo dwe ankouraje moun yo respekte rekòmandasyon CDC ak DOH yo sou itilizasyon PPE, sitou nan zafè kouvri figi, gras a kominikasyon pale ak panno.
- Pati Responsab yo ta dwe mete siyalizasyon anndan ak deyò etablisman oswa lokal pwodiksyon medya pou raple moun yo pou respekte bon ijyèn, prensip distans sosyal yo, itilizasyon kòrèk PPE yo ak pwotokòl netwayaj ak dezenfeksyon yo.

III. PWOSESIS

A. Depistaj ak Tès

- Pati Responsab yo dwe asire ke anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo, ki gen travay fonksyon oswa wòl ki enplike kontak sere oswa kontak pwòch ak manm aktè yo, teste pou COVID-19 nan yon tès dyagnostik, anvan yo patisipe nan aktivite pwodiksyon medya yo, ak omwen yon fwa pa semèn apre sa, lè yo sou sit la oswa nan lokal la.
- Pati Responsab yo dwe mete sou pye pratik depistaj obligatwa chak jou pou anplwaye, aktè, ak manm ekip yo epi, lè sa posib, pou antrepriz ak founisè yo, men depistaj sa yo pa dwe obligatwa pou pèsònèl livrezon an.
 - Pratik depistaj yo ka fèt a distans (egz: pa telefòn oswa ankèt elektwonik), avan moun yo prezante nan etablisman oswa nan lokal la, nan mezi sa posib; oswa sa ka fèt nan espas la.
 - Depista ta dwe kowòdone pou anpeche moun yo antre nan kontak sere ak youn lòt avan fen depistaj la.
 - O minimòm, tès depistaj yo obligatwa pou anplwaye yo, aktè, ak manm ekip yo, epi, kote sa posib, antrepriz yo ak founisè yo, epi yo dwe ranpli li lè yo sèvi avèk yon kesyonè ki detèmine si moun nan:
 - (a) gen konesans li antre an kontak sere oswa pwòch nan 14 jou pase yo ak nenpòt moun ki te teste pozitif pou COVID-19 la oswa ki genyen oswa te genyen sentòm COVID-19 la:

(b) teste pozitif pou COVID-19 la nan 14 jou pase yo; ak/oswa

(c) te gen nenpòt ki sentòm COVID-19 nan 14 dènye jou yo.

- Ale nan ensiy CDC a sou "[Sentòm Kowonaviris](#)" (Symptoms of Coronavirus) la pou enfòmasyon ki pi ajou sou sentòm ki asosye ak COVID-19 la.
- Pratik Depistaj yo enkli:
 - Si konfigirasyon espas ak etablisman/lokasyon pèmèt, depiste moun yo ki nan oswa tou pre antre a pou minimize enpak la nan ka ta gen yon ka sispèk oswa konfime COVID-19 la.
 - Pèmèt distans sosyal adekwa pandan ke moun yo nan liy pou tès depistaj ak/oswa nan antre etablisman oswa lokal la.
 - Admèt sèlman moun ki te fè tès depistaj swa adistans oswa lè yo rive.
 - Si yo fè tchèk tanperati yo, itilize kamera tèmik san kontak yo nan antre yo pou idantifye moun ki kapab gen sentòm yo epi menmen yo nan yon zòn tès depistaj segondè pou konplete yon tès depistaj swivi. Si li pa posib oswa si li pa fezab, yo ka fè yon tchèk tanperati, lè yo sèvi avèk tèmomèt san kontak yo.
- Pati Responsab yo dwe egzije anplwaye, aktè, ak manm ekip yo pou devwale touswit si epi lè respons yo te bay pou nenpòt nan kesyon ki mansyone anlè a yo ta chanje, tankou si yo kòmanse santi sentòm yo, pandan oswa andeyò lè travay yo.
- Anplis de kesyonè depistaj la, verifikasyon tanperati ka fèt tou dapre Komisyon pou Egalite Chans nan zafè Anplwa Etazini (U.S Equal Employment Opportunity Commission) oswa konsèy DOH yo. Yo entèdi Pati Responsab kenbe dosye enfòmasyon sou sante anplwaye yo, aktè yo, ak manm ekip yo (pa egzanp, done tanperati espesifik yon moun), men yo pèmèt yo kenbe dosye ki konfime moun yo te fè tès depistaj epi rezilta tès depistaj sa yo (eg, reyisi/echwe, otorize/pa otorize).
- Pati Responsab yo dwe asire ke nenpòt responsab k'ap fè aktivite depistaj, ansanm ak verifye tanperati, yo pwoteje nòmalman de ekspozisyon a moun yo ki enfekte k'ap antre nan etablisman an. Manm pèsònèl la k ap fè aktivite depistaj yo dwe jwenn fòmasyon nan men moun patwon an idantifye ki konn pwotokòl CDC, DOH, ak OSHA yo byen.
- Moun k ap fè depistaj yo dwe resevwa epi itilize PPE, sa gen ladan ominimòm, yon kouvèti vizaj oswa mask pou ki akseptab, epi sa gen dwa gen ladan gan, yon blouz, ak/oswa yon ekran pou figi.
- Yo pa dwe kite nenpòt anplwaye, aktè, ak manm ekip ki gen depistaj sentòm pozitif COVID-19 yo antre nan etablisman oswa lokal pwodisyon medya epi yo dwe voye l lakay li avèk enstriksyon pou l kontakte pwofesyonèl medikal li pou evalyasyon ak tès.
 - Pati Responsab yo ta dwe bay moun sa yo enfòmasyon adistans sou swen sante ak resous pou teste.
 - Pati Responsab yo dwe notifiye imedyatman depatman sante eta ak lokal la nan ka kote rezilta tès yo pozitif pou COVID-19 la.
- Pati Responsab yo dwe ale nan "[Ensiy pwovizwa pou anplwaye piblik ak prive k ap retounen travay apre enfeksyon oswa ekspozisyon a COVID-19 la](#)" (Interim Guidance for Public and Private Employees Returning to Work Following COVID-19 Infection or Exposure) DOH la konsènan pwotokòl ak politik

pou moun yo k'ap chèche retounen travay apre yon ka COVID-19 yo te sispèk oswa konfime oswa apre moun yo te nan kontak sere oswa kole ak yon moun ki gen COVID-19.

- Pati Responsab yo dwe deziyen yon pwen kontak santral, ki ka varye selon aktivite, espas, chanjman orè travay oswa jou, responsab pou resevwa ak ateste ke li te revize tout kesyonè anplwaye yo, aktè yo, manm ekip yo, antrepriz yo, ak founisè yo sa ki idantifye tou kòm pati ke anplwaye, aktè yo, manm ekip yo, antrepriz yo, ak founisè yo dwe enfòmè si pita yo santi sentom ki gen rapò ak COVID-19, jan sa endike nan kesyonè a.
 - Pwen kontak yo idantifye a dwe pare pou li resevwa avètisman nan men moun ki gen ka pozitif epi kòmanse pwosedi netwayaj ak dezenfeksyon ki ale yo.
- Pati responsab yo dwe deziye yon monitè sekirite nan espas la kote li gen responsablite pou li konfòme li kontinyèlman ak tout respè Plan Sekirite espas la pou tout moun yo.
- Tout tan sa posib, Pati Responsab yo ta dwe kenbe yon jounal pou chak anplwaye, aktè yo, manm ekip yo, antrepriz yo, ak founisè yo, ki ka gen kontak sere ak pwòch ak lòt moun nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya; san nou pa mete livrezon ki fèt nòmalman ak PPE oswa pa mwayen san kontak. Jounal la ta dwe gen enfòmasyon kontak la, pou tout kontak ka idantifye, retrace epi alète si yon anplwaye ta teste pou COVID-19 la.
 - Pati Responsab yo dwe kolabore ak efò rechèch kontak depatman sante lokal eta a.

B. Retrased ak Suiv

- Pati Responsab yo dwe fè depatman sante eta ak lokal la konn sa touswit lè yon anplwaye nan lye travay yo a mete yo okouran yon rezilta tè COVID-19 pozitif pa nenpòt moun nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya.
- Nan ka yon, anplwaye, aktè, manm ekip yo, kontraktè teste pozitif, Pati Responsab yo dwe kolabore ak depatman sante lokal pou trase tout kontak nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya a epi alète depatman sante lokal de tout moun (jan sa posib) ki te antre nan etablisman oswa lokal pwodiksyon medya nan dat 48 èdtan avan moun lan (yo) te kòmanse santi sentom COVID-19 la oswa teste pozitif, nenpòt dat ki pi resan. Yo dwe kenbe konfidansyalite jan lwa ak regleman federal ak eta a yo egzije a.
 - Nan ka yon moun ki montre sentòm pandan li sou sit la, Pati ki Responsab yo dwe notifye anplwaye yo nan zòn ki ozalantou a yo oswa ki te ka te afekte imedyatman avèk enfòmasyon sou kote moun nan te ye nan tout batiman an epi avize yo si moun nan ki gen sentòm yo teste pozitif.
- Depatman sante eta ak lokal yo ap kreye restriksyon siveyans ak mouvman de moun ki enfekte oswa expoze yo ansanm ak izolman lakay oswa karantèn.
- Moun yo avèti yo ki te an kontak sere oswa rapwoche avèk yon moun ki gen COVID-19, epi yo avèti yo nan retrace yo, suiv yo oswa lòt mwayen, oblije rapòte tèt yo bay patwon yo kou yo fin avèti yo epi yo dwe suiv pwotokòl ki pi wo a.

IV. PLAN PATWON YO

Pati Responsab yo dwe afiche plan sekirite konplè sou plas oswa nan lokal la pou anplwaye yo. Eta a mete disponib yon modèl plan sekirite pou re-ouvèti biznis pou gide mèt ak administratè biznis yo nan elaborasyon plan pou pwoteje kont pwopagasyon COVID-19.

Gen plis enfòmasyon, rekòmandasyon, ak resous sou sekirite ki disponib sou:

Sit wèb sou Nouvo Kowonaviris (COVID-19) Depatman Sante Eta New York la
<https://coronavirus.health.ny.gov/>

Sit Entènèt Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi Kowonaviris (COVID-19)
<https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/index.html>

Sit Entènèt administrasyon Sekirite ak Sante nan Travay
<https://www.osha.gov/SLTC/covid-19/>

Sou lyen ki pi ba a, afime ou te li e konprann obligasyon ou genyen pou w travay dapre konsèy sa a:

<https://forms.ny.gov/s3/ny-forward-affirmation>